ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№98 (23.756) ● 2018 гъэм шыщхьэуІум (августым) и 11, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ хъыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Урысей гвардием къулыкъ щызыщІэхэм ящыщу пЛЫ КЪР-м и къуршхэм щыхэкІуэдащ. Абыхэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуэзгуэзващ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий

УФ-м и Лъэпкъ гвардием и дзэхэмкІэ федеральнэ къулыкъущІапІэм и унафэщІ, армэм и генерал Золотов Виктор хуиГъэхьа телеграммэм КІуэкІуэ Юрий къыщигъэлъэгъуащ: «Къэбэрдей-Балъкъэрым исхэм я цІэкІэ, си щхьэкІэ къызбгъэдэкІыу сахуогузавэ Урысей гвардием и дзэ къулыкъущІу уэсукъхъуэм и зэранкІэ хэкІуэдахэм я Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ. Апхуэдэ гуэзвэгъуэмрэ хэщІыныгъэшхуэмрэ ахэр къызэфІимыгъэщІэну дыщогугъ. Иджыпсту КЪБР-м и Правительствэм зыхуэфащэ къызэгъэпэщыныгъэ Іэухуэхэр ирегъэкІуэкІ, республикэр зыхуэфащэхэм сыт хуэдэ дэІэпыкъуныгъи яритыну хъэзырц».

ЗэкІэ дызэрыщыгъуаззэмкІэ, Дыс-Тау бгымрэ Пушкиным и цІэр зезыхьэ къырымрэ я зэхуакум хуэзэу щыІэ Межерги мыл джейм щыдэкІым, дзэ къулыкъущІэхэр метр мини 4,5-рэ хуэдиз лъаганІэм нэсауэ, уэсукъхъуэм хэхуэри хэкІуэдахащ.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1ап1э.

ЩІалэгъуалэ зэхыхьэр Псыхуабэ къыщызэІуах

Дыгъуасэ Псыхуабэ (Пятигорск) щыщІидзащ «Мэшыкъуэ-2018» IX Кавказ Ищхъэрэ щІалэгъуалэ егъэджэныгъэ зэхыхьэм. Мы гъэм абы хэтыну зезыгъэтха цІыху миниплІым щІигъум ящыщу минитІыр зэпеуэкІэ къыщыхахащ КИФЩІ-м, Урысей Федерацэм и адрей щЫпІэхэм, нэгъэущ къэралхэм.

ХАБЗЭ зэрыхъуауэ, зэхыхьэр Іыхьитіу яГуэшащ. Ялэр - федеральнэщ. Ар щыщхьэуІум и 10-м щыщІэдзауэ тхьэмахуэкІэ екІуэкІынущ икІи хухахащ унэтІыныгъищым: волонтёрствэм («Гуапагъэм и щыналъэ»), хэкупсэмрэ дыкъэзыухъурехь дунейр хъУмэнымрэ («Урысейр - ди Хэкущ»), хъыбарегъащІэ Іэмалхэм («Хъыбарегъащ1эм и лъэхъэнэ»). Щы-щхьэуІум и 17-м щІэзыдзэну етІуанэ Іыхьэр - щІыналъэ зэхуэсщ. Ар нэхъ зытеухауэ щытынур граждан жылагъэращ. УнэтІныныгъэхэр мипхуэдэщ: творчествэ («Арт-Мэшыкъуэ»), хьэрычэтыщІэ («Си Іуэху»), къулыкъущІапІэ («ЕхъулІэныгъэм зэрыхуэхъуІэ»).

Дэтхэнэ махуэми и япэ Іыхьэр гъэнщІауэ щытынущ удэзыхьэх егъэджэныгъэ программэхэмкІэ: мастер-классхэмкІэ, интерактив-хэмкІэ, лекториехэмкІэ. Абыхэм хэтынухэр хуагъэсэнущ иджырей интернет-журналистикэм, бжьыгъэ зи лъабжьэ гъащІэм шыналъэуэнщагъэр щыдэІыгъыным, хъыбарегъащІэ кампаниехэр зэпэлъытауэ къызэгъэпэщыным, проект щыхэхуэхэм елэжь гупхэр зэхэшэным, акъылым зэрызрагъэужь Іэмалхэм. ЩІэуэ къыхьыхьахэм ящыщщ мы ильэсым Урысей Федерацэм щаубзыхуа Волонтёрым и гъэм ехьэлІа сессиехэр.

Шэджагъуэ нэужьхэм форумым хэтхэр яхуэзэнущ хьэщІэ лъапІэхэм - политикхэм, жылагъуэ Іэхуэзехьэхэм, щэнхабзэмрэ гъаздэжмрэ я лэжьакІуэхэм.

ПщыхьэщхьэкІэрэ щІалэгъуалэр хэтыфынущ утыку 28-м къыщызэрагъэпэща акъылым зезыгъэужь, спортымкІэ я зэфІэкІэхэр щызэхагъэкІ, дзэзыхьэх Іэхуэгъуэхэр наІуэ щащІ зэпеуэхэм. Къищынэмыщ1ауэ, секцэ щхьэхуэхэр щыІэнущ я проект Іэхуэщ1афэхэр, щхьэзэкъуэ жьыджэрагъыр, мылъку зегъэкІуэкІэр щызэпкърахыу. Волонтёрым и гъэр Урысей Федерацэм щегъэкІуэкІынымкІэ дирекцэм къызэригъэпэща чэнджэщ щагъуэт утыкухэр лэжьынущ.

Адрей ильэсхэми хуэдэу, «Мэшыкъуэ-2018» зэхыхьэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэу щытынущ къырихьэлІахэм я проектхэр зэхэгъэувэнымрэ пхыгъэкІынымрэ. ЗэхуэситІми и иужь махуищыр хухахынущ грант зэпеуэхэм. Абыхэм щытекІуэхэр ягъэбелджылынущ дэтхэнэми и проектыр утыку кърихьэрэ и сэбэпынагъыр зэгъуэсу къапщыта иужькІэ. Къыхалъхьа Іуэхугъуэм и мыхьэнэм елъытауэ щ1ыху щхьэхуэхэр щыгугъыфынущ сом мин 300-м нэблагъэ грантхэм, мылъку кьегъэщІынымкІэ дирекцэм къызэригъэпэща чэнджэщ щагъуэт утыкухэр лэжьынущ.

Адрей ильэсхэми хуэдэу, «Мэшыкъуэ-2018» зэхыхьэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэу щытынущ кърихьэлІахэм я проектхэр зэхэгъэувэнымрэ пхыгъэкІынымрэ. ЗэхуэситІми и иужь махуищыр хухахынущ грант зэпеуэхэм. Абыхэм щытекІуэхэр ягъэбелджылынущ дэтхэнэми и проектыр утыку кърихьэрэ и сэбэпынагъыр зэгъуэсу къапщыта иужькІэ. Къыхалъхьа Іуэхугъуэм и мыхьэнэм елъытауэ щ1ыху щхьэхуэхэр щыгугъыфынущ сом мин 300-м нэблагъэ грантхэм, мылъку кьегъэщІынымкІэ дирекцэм къызэригъэпэща чэнджэщ щагъуэт утыкухэр лэжьынущ.

Адрей ильэсхэми хуэдэу, «Мэшыкъуэ-2018» зэхыхьэм и мыхьэнэ нэхъыщхьэу щытынущ кърихьэлІа-

● Студент гъащІэ

Куэд дыдэкІэ дыфщогугъ!

КЪБКЪУ-м Іуащхьэмахуэ лъапэ щиІэ еджапІэ-щІэныгъэ Іуэхущ1ап1эм иджыблагъэ щызэхашащ «Августёнок» щІыналъэ зэхуаку щІалэгъуалэ лагерыр. А лэжьыгъэр къызэригъэпэщащ еджапІэ нэхъыщхьэм и студсоветхэм я зэгухьэныгъэм. Абы къызэщІиубыдащ зэхуэзэ хьэлэмэтэр, пшыхь гъэщІэгъуэнхэр, лекцэ купщІафІэхэр.

«АВГУСТЁНОК»-м щІыІэхэм мы махуэхэм я хъущІащ КЪБКЪУ-м щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и проректор, химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор Малкандуев Юсуф. Лагерым щекІуэкІ Іуэхугъуэхэмрэ абы и мыгъэрей зэхуэсым и мурадхэмрэ кьалэнхэмрэ хьэщІэр щыгъуазэ хуащІащ КЪБКЪУ-м ЩІалэгъуалэ политикэмрэ гъэсэныгъэ лэжьыгъэмкІэ и управленэм и унафэщІым и къуэдзэ Жабеловэ Юльнарэрэ лагерым и унафэщІ, КЪБКЪУ-м и Студсоветым и пашэ Аулъэ Ахьмэдрэ. Абыхэм зэрыжаІамкІэ, «Августёнок»-р 2009 гъэ лъандэрэ мэлажьэри, зы илъэси къэмынэу щокІуэкІ студент активым я еджэныгъэхэр. Лагерым щыІэ лекцэхэр, зэпеуэхэр, тренингхэр, семинархэр, мастер-классхэр хуэгъэпсащ щІалэгъуалэм яБгъэдэлъ зэфІэкІым хэгъэхъуэным, студент самоуправленэр гъэлэжьэнымкІэ хабзэхэм ахэр щыгугъуэ хуэщІыным. Кьинэмыщ1ауэ, студентхэм утыку ирахьэ я творческэ зэфІэкІхэр, загъэпсэу, я узыншагъэри ирагъэфІакІуэ.

Апхуэдизу лажьыгъэ щызэфІах гъэмахуэ лагерыр студент активым я зэфІэкІхэм щыхагъахъуэ зэхуэсхэм я нэхъыфІу хуэфащэ дыдэу кьилъытащ ЩІалэгъуалэм я урысейпсо зэгухьэныгъэм.

Студент самоуправленэм нэхъри зиужьынымкІэ лагерым мыхьэнэшхуэ зэриІэр кьыхигъэщу, Малкандуевым жиІащ къэралыр щІалэгъуалэ жыджэрхэм куэдкІэ зэращыгугъыр. Апхуэдэу хьэщІэ лъапІэм студентхэр кьыхуриджащ, щІэныгъэ куу зэрызрагъэгъуэтым къыдэкІуэгу, жылагъуэ гъащІэм хуаІэ набдзэгубдзаплъагъэм адэкІи хагъэхъуэну, республикэм и къэкІуэнымкІэ жэуаплныныгъэр зыхащІэу Іуэху зэрахьэну.

- Ди университетым иджыпсту щекІуэкІ зэхуэкІыныгъэфІхэр хуэгъэпсащ абы «щІынальэпсо еджапІэ нэхъыщхьэ» статусыр кьыхуагъэфэщэным, - жиІащ Малкандуевым. - Абы и лъэныкъуэкІи мыхьэнэшхуэ идот мыпхуэдэ щІалэгъуалэ гъэмахуэ лагерхэм я зыужьыныгъэм.

Проректорыр кьытеуыІащ КъБКЪУ-м щекІуэкІ щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэщІэхэм, грант къызыпэкІуэ программэхэм. ИужькІэ абы студентхэм я упщІэ зэмылІэужьыгъуэхэм жуэап нэсхэр яритащ, Ахэр епхат еджапІэ нэхъыщхьэм и лэжьэкІэр зэребгъэфІакІуэ хъуну щыІэкІэхэм, студсоветхэм яІэ хуитыныгъэхэм.

- ИпэжьпІэкІэ жьпІэнэрамэ, сэ фэ, зи щІалэгъуэхэм, сынывохъуапсэ икІи сыфхуогуфІэ. Сэ нобэ нэрылъагъу дыдэ сщыхъуащ фхэлъ жыджэрагъымрэ фи мурадхэмрэ гъунапкъэ зэрамыІэр. Мы зэманым ди университетым бгъэдэлъ мылъкутехникэ зэфІэкІыр абыкІэ сэбэпышхуэ къыфхуэхъунущ, дэ апхуэдэ Іэмалхэр щІыхьэпІэуи тлъэгъуакъым, - захуигъэзащ студентхэм Малкандуевым. - А псоми екъулІэныгъэфІхэр кьытхуихьащ. Кьапщтэмэ, Урысей Федерацэм и еджапІэ нэхъыщхьэ 288-м ящыщу КъБКЪУ-м 66-нэ увыпІэр щІыгъащ егъэджэныгъэм и фІагъымкІэ, щекІуэкІ щІэныгъэ лэжьыгъэмкІэ ар щытщ 50-нэ увыпІэм, инновацэ технологиехэр лэжьыгъэм кьызэрыщагъэсэбэпымкІэ университетыр уващ 45-нэ увыпІэм. Апхуэдэ Іэмалхэр зиІэ фэ Іэщ1агъэлІ щыпхьэхэр кьыфжэкІым, фызыпІэрыт дэтхэнэ Іуэхугъуэхэри фыкъыхэжанькІыу зэфІэфхэм хуейщ.

Зэлущ1эр ихуащ хьэщ1эри бысымхэри зэхуэарэзыуэ, зым адрейм фІыщІэ хуищу. Щэч хэлъхьам апхуэдэ зэхуэзэхэр студентхэми КъБКЪУ-м и унафэщІхэми я дежкІэ гукъинэж зэрыхъунум.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафІэсхэр къэмыгъэхъуныкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 9-м Налшык къалэ №128-ПП

«МафІэсым и шынагъуэ къэмыгъэхъуным и Іуэхукіэ» 1994 гъэм дыгъэгъазэм и 1-м къащта Федеральнэ закон №69-ФЗ-м, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафІэсым и шынагъуэ кьызщымыгъэхъуным и Іуэхукіэ» 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №40-РЗ-м япкъ иткІэ икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафІэсым и шынагъуэ щымыІэнэр кьызэгъэпэщын мурадкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ:**

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафІэс къэмыгъэхъунымкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм теухуа Положеныгъэр зэхэтщэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм мафІэс къэмыгъэхъунымкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм нэхъыбэ дыдэу кьыхэлыкъу щызыщІэхэм я бжыгъэр 571-рэ хъуурэ гъэурыт.

3. Къэару ямыІэжу кьэлъытэн:

«КъБР-м мафІэсхэр къэмыгъэхъунымкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм и Іуэхукіэ 2005 гъэм мазаем и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэ №30-ПП-м;

«КъБР-м МафІэсхэр къэмыгъэхъунымкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм теухуа Положеныгъэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2006 гъэм накъыгъэм и 11-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэ №149-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм МафІэсхэр къэмыгъэхъунымкІэ и къэрал къулыкъущІапІэм къулыкъу щызыщІэхэр Урысей Федерацэм Граждан зыхъумэжныныгъэм и Іуэхухэмкіэ, кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ, къэхъуа гуэвэгъуэхэм я лъэужьхэр гъэзэкІуэжынымкІэ и министерствэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэмрэ полномочиехэмкІэ зэхъуэжэным теухуауэ зэращІыпІа зэгурыІуэныгъэр гъэзэщІэным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я Іуэхукіэ» 2008 гъэм накъыгъэм и 23-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэ №118-ПП-м и 7-нэ пунктым;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2005 гъэм мазаем и 25-м къыдигъэкІа унафэ №30-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2008 гъэм дыгъэгъазэм и 29-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэ №309-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2005 гъэм мазаем и 25-м къыдигъэкІа унафэ №30-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2009 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэ №325-ПП-м;

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2005 гъэм мазаем и 25-м къыдигъэкІа унафэ №30-ПП-м зэхъуэкІыныгъэ хэлъхьэным и Іуэхукіэ» 2018 гъэм накъыгъэм и 25-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэ №95-ПП-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м къыдигъэкІа Унафэ №272-ПП-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 26-м Налшык къалэ
№141-ПП-м

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ щІ:**

«Мэкъумэш продукцэ къэзылэжьхэм мелиорацэм и системэу псоми зэщІыгъуу е цІыху щхьэхуэхэм къагъэсэбэпэр, апхуэдэу цІыху щхьэхуэхэм я мылъкуу щыт е щыІэ хабзэхэм тету абыхэм къагъэсэбэпын папщІэ ирата гидротехникэ ухуэныгъэ пыгъэщхьэхукІаэхэр щыным, егъэфІэкІуэным, техникэкІэ къызэгъэпэщыным трагъэкІуэдам щыщ Іыхьэ хуапшныжьын папщІэ 2012 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм субсидиехэр зэрыщрат хабзэхэм я Іуэхукіэ» 2012 гъэм щэкІуэгъуэм и 30-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм къищта унафэ №272-ПП-м халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі
МУСУКОВ Алий

Дэнэкіи хуэдэу, Бахъсэн районым хыхьэ еджапІэхэм я бжэр фокІадэм и 1-м къыхэзыхуаІыхьыжынущ щІыналъэм и ныбжьыщІэхэм. Ахэр гъэ еджагъэущІэм зэрыхуэхьэзырыр мы махуэхэм къапщытэ а Іуэхугъуэм къыхуэзрагъэпэща комиссэ щхьэхуэм.

РАЙОНЫМ еджапІэу итыр псори зэхэту 24-рэ мэхъури, абыхэм ящыщу 13-м къэпщытэныгъэхэр щекІуэкІащ. Бахъсэн кьалэ администрацэм и Іэтащхьэм социальнэ Іуэхухэмкіэ и къуэдзэ Кьардэн ФатІимэ зи пашэ гупым хэтщ егъэджэныгъэмкІэ кьалэ департаментым и унафэщІ Борэн Маринэ, УФ-м и МВД-м Бахъсэн кьалэм щиІэ къудамэм и пашэ Хэжь Аслъэнрий, Бахъсэн районымрэ МафІэс къэмыгъэхъунымкІэ и къулыкъущІапІэм и къэрал инспектор нэхъыщхьэ АфІэунэ Нурхьэлий, «Бахъсэн-хуабзэнерго» Іэнатіэм и тхьэмадэ Кьарэнашэ Хьэсэн, нэгъэуэщІэкэри. Гупым кьапщытэ еджапІэхэмрэ гъэсапІэхэмрэ зэгъэпэщыжынныгъэ лэжьыгъэхэр зэрырагъэкІуэкІа щЫкІэр, абыхэм я фІагъыр е яб-гъэдэлъ щыщІэныгъэхэр наІуэ кьащІу. КьэпщытакІуэхэр здэщыІа Іуэхущ1апІэхэм ящыщ куэдым щхьэгъубжэщІэхэр, бжэщІэхэр хагъэуващ, лъэгуущІэхэр ирадзащ, зытхьэщыпІэхэр, шхапІэхэр, медициндэ пэшхэр зыхуей щыхуагъэзэжащ.



● Школ хъыбархэр

Гъэ еджэгъуэщІэм хуэхьэзыр мэхъу

Апхуэдэу гулъытэ щхьэхуэ хуащІ хуабэр, электрокъарур зрикІуэну бжьамийхэм. Абыхэм щыщІэныгъэ яб-гъэдэлъкъым, зэрыжаІамкІэ.

Лэжьыгъэшхуэ щызэфІаха Іуэхущ1апІэхэм ящыщщ кьалэм дэт курыт школ №97-м и нэІэм щІэту лажьэ сабий гъэсапІэр (унафэщІыр Пщыхьэщ1э Руслан-нэщ). Зи гугъу тщІа лэжьыгъэхэм кьадэкІуэу, садым и пщІантІэм сабийхэр щыдэжэгу хъуну хьэщІапкъ екІу дащІыхьащ, гъэсапІэм и хъуреягъыр къахуэхьри, куэбжэщІи халъхьэжащ. КьыхэжаныкІахэм ящыщщ курыт школ №10-ри, прогимназие №91-ри, курыт школ №97-ри. Абыхэми лэжьыгъэ купщІафІэхэр щызэфІахащ.

КьэпщытакІуэхэм я лэжьыгъэм иджыри пащэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Ди шагъдийхэр Бытырбыху щагъэлъагъуэ

Щ1ыщхьэуІум и 9-м щегъэжьауэ и 12-м нэс Санкт-Петербург (Бытырбыху) къалэм щекІуэкІынущ Щ1ыхэм я гъэлъэгъуэныгъэ, «Иппосфера-2018» фІащауэ.

ИЛЪЭС къэс Урысейм щекІуэкІ гъэлъэгъуэныгъэм мы гъэм хэтщ щ1ы 240-м нэс, щ1ы лъэпкъ 30 къызэщІиубыдэу. КъБР-м, КъШР-м, Адыгейм яйуэ абы екІуэлІащ «Шагъдий вагъуэбэ» зекІуэм хэта щ1ых - республикэ кьэс щ1ы тІурытІ. Зэхьхьэщхуэм и япэрей махуитІым кьагъэлъэгъуащ Урысейм ис цІыхухэм адыгэшми адыгэ щэнхабзэми гулъытэщхуэ къызэрыхуащІыр. Фіыщ1э яхуэфащэщ, я лъэпкъэгъухэр яГъэгушхуэну, адыгэ фащэ ящыгъуэу гъэлъэгъуэныгъэм къекІуэлІа бытырбыху щІалэгъуалэмэ.

«Адыгэшхэр лІащ1ыгъэкІэрэ зауэм къыщагъэщхьэпэу къекІуэкІащ. Ахэр хахуэу, шум къыкІэрымыкуу зэуэфу, къуршхэм я лъагъуэ зэвхэм ирикІуэфу щытын хуейт. Адыгэш щыкпэхэм я пІалъэ зымыщІэ шэсагъащІэхэм, щыуагъэ псори хуагъэгъу. Щ1ыхъуэ зъарызехьэхэм къагъэхъуа адыгэш нэгъэсахэр мыбдежым щыфІагъуну Іэмал фиІэщ. Фи Іэгуаеуэшхуэр щ1ыхэми щ1ууейхэми къалэжьауэ къызолъытэ», - а псалъэхэр зэхэпхырт адыгэшхэр утыку къыщихьэм.

ЧЭРИМ Марианнэ.

● Гъэгуанэ гъэщIэгъуэн

Хэхэсхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэпыщIэныгъэр зыгъэбыдэхэр

Тыркум хьыхь Хэкурысхэр, Адана, Истамбыл, Мараш къалэхэм къикIауэ мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэщIащ адыгэ мотобайкер щIалиплIрэ абыхэм я дэIэпыкъуэгъу тэрмэш хъыджэбзрэ. Ахэр Аслъэн Джэхьид (Цымхъэ), Хьэсэноглу Ахьмэд (Барциц), Шекер Джанкъат (Хьэткъуэ), Айдын Шенер (Тамбий), Дыгъужь Дижан (Озкурт) сымащ. Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я хэщIапIэм ди лъэпкъэгъуэхэм щыIущIащ Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыцыгъэ Мухьэмэдрэ КъБР-м граждан жылагъуэ Iэхэхуэ дэлэжьэныгъэ лъэпкъ IэхэхуэмкIэ и министр КIурашын Анзоррэ.

ИлъэС 40-50 ныбжьым ит мотобайкерхэр зэрыадыгэр я теплъэм къыбжаIэр: я щхьэм фIэлът, ди лъэпкъ ныплъ и дамыгъэ вагъуэ пщыкIутIыр къызытещ щэкI щхьуантIэхэр. НэхъапIэуэкIэ Иорданым къикIыу щууэ ди щIыналъэм къэкIуэхэм я лъагъуэм тету километр миниц зэпызычу махуитIым кьуибыдэу, гъэзгугъэлъагъэр къагъэсэбэпу, мотоциклкIэ ди республикэм къэкIуахэм я кьалэн нэхъыщхьэ дыдэр езыхэм хуэдэу хамэ щыIпIэ щыпсэууэ куэд щIауэ Кавказым къэкIуэну щIэхъуэпс адыгэхэм гъэзгур яхуэхъшынырт, нэхъ тыншу дяпэкIэ зэпъэпкъэгъуэхэр зэкIэпльыкIуэн папщIэ. Гупым ди щIыналъэм теуухуа фильми гъэзгум щытрах. Абыхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр, псом хуэмыдэу Налшык кьалэр, зрагъэщIыхуащ, ди щIыпIэ дахэхэм зыщащIыхьыкащ. Гупым Iуащхьэмахуэ лъапэ дэкIыну я мурадщхьэкIэ, кьэхъулIакьым, уэлбанэ зэрыхъуэм кьыхэкIыу. МотоциклкIэ япэ дыдэу Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуа хъэщIэхэм Адана Адыгэ Фыщ1э Хасэм, езыхэм къэбгъэдэкIыу вагъуэ пщыкIутIыр зытет адыгэ бэракъэр КIурашын Анзор тыгъэ къыхуащIащ ди республикэм къызэрыкIуам и фэеплъ. Министрым абыхэм яжриащ гъэ хэкIуэ Адыгэ ныплым и махуэр щагъэлъапIэкIэ республикэм зэфIэкI лъагэ къыщызыгъэлъагъуэ щIалэм я ныпыр иныгъуу зэхьихьэм хэтыну зэрыхуагъэфэщанур.

Мотобайкерхэр дыгуасэ гъэзгу техьащ, япэщIыкIэ Къэрэшей-Шэрджэс, иужькIэ Адыгэ, Абхъаз республикэхэр, Сочэ щIыналъэр къызэщIиубыдэу адыгэ хэгъэгуэр зэщIагъэхьэу зыщащIыхьхьыну, псори зэхэту километр 7000 нэс зэпачыну. Ди лъэпкъэгъуэр гъэзгу техьэн и пэ къьиуэу, Хэкум щыщ щIы IэмышIэ къызэдащтащ. Ахэр зытеубэну адрей адыгэ, абазэ, абхъаз щIыналъэхэмэ щы IэмышIэ зырыз здрахэу Тыркым здашэну я мурадщ.

Хьэфыцыгъэ Мухьэмэд и гуапэу къыхихугъэщащ адыгэхэр кьуэхьлъатэкIэ, машинэкIэ, шыкIэ мыхъумэ, нэхъапэIуэкIэ мотоциклкIэ къызэрымыкIуар. Адыгэбзэри тыркубзэри зэхуэдэу фIыуэ зыгъэшIэныгъэ тэрмэш Дыгъужь Дижан и дэIэпыкъуэгъуу ар хьэщIэхэм яхутепсэлъыхьащ Дунейпсо, Къэбэрдей Адыгэ Хасэхэм я кьалэн нэхъыщхьэр илъэс зэмылIэужьыгъуэхэм хамэ къэралхэм къиIэпIуэкIыу Хэкум къэкIуэжа адыгэхэм я Iуэху дэгъэкIыным, я анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмрэ яхуэмэжаныным, зэпэпкъэгъуэхэр зэгъэIуэжыным икIи ахэр зэгъэщIыхуным зэрыхуэунэтIам. Апхуэдэу Мухьэмэд хьэщIэхэм и гугъу яхуищIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым адыгэу исым я бжыгъэр мелуан ныкъуэм зэрыщIигъум, дэ къытхэкIа цIыху цIэрыIуэхэм, Тыркум ныбжьэгъу куэд зэрыщIиэм, иджыблагъэ абы щекIуэкIа щэнхабзэ фестивалым Къэбэрдей-Балъкъэрым и лIыкIуэхэри зэрыхэтам, хамэ щIыпIэхэм щыпсэу, абыхэм къиIэпхъуэкIыжа ди лъэпкъэгъуэхэм я Iуэхуэгъэр зыхуэдэм фIыуэ зэрыщыгъуаз эм, зэпыщIэныгъэр нэхъри зэрагъэбыдэным и ужь зэриты м, нэгъуэщIхэми.

- Иджыпсту ди республикэм зыщагъэпсэху Тырку, Сирие, Иордание, Израиль къэралыгъуэхэм, Мэздэгу щIыпIэм къикIа адыгэ сабии 140-м щIигъуэ. Абыхэм адыгэбзэр, щIэпкъ къафэр ядогъащIэ, ди щIыналъэм и щIыпIэ дахэхэм зыщыдогъэплъыхь, адыгэ шхыныгъуэхэм дыдогъэхьэх. ШыщхьэуIум и 11-м ныбжьыщIэхэр едгъэжьэжынущ, - къыхигъэщащ КIурашын Анзор гупым зыщыхуигъаз эм. - КIэщIу жыпIэмэ, ди мурадыр зытещIыхьар дуней псом щыпсэу адыгэхэр нэхъри зэрыдгъэбудыдыжынырщ, ди зэхуэку дэлъ зэныбжьэгъугъэр дгъэбыдэнырщ.

Хьэфыцыгъэ Мухьэмэдрэ КIурашын Анзоррэ хьэщIэхэм ехъуэхъуащ я мурад дахэхэр кьехъулIэну икIи адэкIэ зэпачыну гъэзгуанэм кьащыхуэщхьэпэну чэнджэщхэр ираташ. Мухьэмэд Тыркым къикIа ди лъэпкъэгъуэм тыгъэ яхуищIащ адыгэхэм теухуауэ Кърымым къыщыдагъэкIа альбом гъэщIэгъэнэхэр. Тыркым кIуэжьи ипэкIэ мотобайкерхэм иджыри ди республикэм къагъэзэжыну я мурадщ, Куржьи и гъунапкъэмкIэ зэрызэпрамыгъэкIынум къыхэкIыу. Зэхьихьэм хэтащ ди лъэпкъэгъуэу Аскэр Хьэяти (Тырку), СтIащ Исам (Сирие), СтIащ Ланэрэ Аулъэ Линэрэ (Мейкъуапэ).

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

● КъБР-м щыIэ МВД-м

ЗыкъэвмыгъэгъапцIэ

КъБР-м щыIэ МВД-м щекIуэкIа зэIущIэм щытепсэлъыхьащ гъэпцIакIуэхэм ящIэ щIэпхъаджагъэхэм.

РЕСПУБЛИКЭ МВД-м Уголовнэ къэлъыхъуэныгъэмкIэ и управленэм и кьудамэм и унафэщI полицэм и подполковник **Лавренович Рашидрэ** абы и кьуэдзэ полицэм и майор **Хьэжнэгъуей Муратрэ** журналистхэр щыгъуазэ ящащ апхуэдэ щIэпхъаджагъэхэр къэмыгъэхуным, ялэжьакъэр сэтей къэщIыным теухуауэ республикэм къэрал кIуэцI IуэхуэхэмкIэ и IэнатIэхэмэзэфIэкIхэм.

Къыщэрыхьагъащащ, илъэс кIуам ебгъапщэмэ, банк картэхэм ахъшэ ирадыгъукIыным пыщIа щIэпхъаджагъэу зэхагъэкIам процент 13-кIэ хэхъуащ, хьыбар-телекоммуникацIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу ялэжьауэ къыщIагъэщахэр проценти 4,5-кIэ нэхъыбэщ.

Лавренович Рашид зэрыжIащи, щIэпхъаджащIэхэм я лей нэхъыбэу зытекъэр зи ныбжь хэкIуэтахэрщ. Къапщтэмэ, къыщэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ иджыблагъэ яубида, нэхъапэм суд зытращIыкьауэ щыта илъэс 29-рэ зи ныбжь гъэпцIакIуэр, Новосибирск щыпсэур. Ар унэм щIэт телефонхэм псалъэрт, и макъыр ихьуэжырэ. Транспорт зэжьэхуэу къигъэхъуауэ, цIыхухэм лей кьатехьауэ яжриIэрт, тутнакъэщым ирамыдзэу я Iуэхуэр зэфIихьи папщIэ Iэмал имыIэу сом мини 150-м щыщIэдзауэ мин 200-м нэс зэрыхуейр дыщIигъужьрт. Я «Ihыхьлы» къызэрыпсэлъам шэч къытрамыхьэмэ, зэман дэкIа нэужь абыхэм я псэупIэм такси къыIухьэрт, рулым дэсым ахъшэр яIихьэрти иужьым банк счёт зэмылIэужьыгъуэхэм игъакIуэрт. ЗэраубыхуамкIэ, а цIыхухэр пыщIащ апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зыбжанэм. ХэщIыныгъуэ щрикIуар сом зы мелуаныш щIегъу.

КъыщэрыхьагъащащIа, илъэс кIуам ебгъапщэмэ, банк картэхэм ахъшэ ирадыгъукIыным пыщIа щIэпхъаджагъэу зэхагъэкIам процент 13-кIэ хэхъуащ, хьыбар-телекоммуникацIэ Iэмалхэр къагъэсэбэпу ялэжьауэ къыщIагъэщахэр проценти 4,5-кIэ нэхъыбэщ.

Лавренович Рашид зэрыжIащи, щIэпхъаджащIэхэм я лей нэхъыбэу зытекъэр зи ныбжь хэкIуэтахэрщ. Къапщтэмэ, къыщэхуэсахэм ягу къагъэкIыжащ иджыблагъэ яубида, нэхъапэм суд зытращIыкьауэ щыта илъэс 29-рэ зи ныбжь гъэпцIакIуэр, Новосибирск щыпсэур. Ар унэм щIэт телефонхэм псалъэрт, и макъыр ихьуэжырэ. Транспорт зэжьэхуэу къигъэхъуауэ, цIыхухэм лей кьатехьауэ яжриIэрт, тутнакъэщым ирамыдзэу я Iуэхуэр зэфIихьи папщIэ Iэмал имыIэу сом мини 150-м щыщIэдзауэ мин 200-м нэс зэрыхуейр дыщIигъужьрт. Я «Ihыхьлы» къызэрыпсэлъам шэч къытрамыхьэмэ, зэман дэкIа нэужь абыхэм я псэупIэм такси къыIухьэрт, рулым дэсым ахъшэр яIихьэрти иужьым банк счёт зэмылIэужьыгъуэхэм игъакIуэрт. ЗэраубыхуамкIэ, а цIыхухэр пыщIащ апхуэдэ щIэпхъаджагъэ зыбжанэм. ХэщIыныгъуэ щрикIуар сом зы мелуаныш щIегъу.

Лавренович Рашидрэ Хьэжнэгъуей Муратрэ зэпкърыхауэ тепсэлъыхьащ телефон, интернет IэмалхэмкIэ цIыхухэр къызэрагъапцIэм. Ар къыпщIымыщIын папщIэ набдзэгубдзапльэу ущытын, усакъым зэрыхуейр. ФымыцIыхуухэм банк картэм теухуауэ зыри яжевмыцI. Гуэдзэгуэу хэхуауэ яжыхуаIэ фи Iыхьлым фемыпсэлъауэ зыри фымыщIэ. Хабзэхъуэмэ IэнатIэхэмэкIэ ящIэнатIэ зэрыгъэщIэн хуейщ фыкъыгъэпцIэну зыгуэр фяужь къихьамэ.

ЗэIущIэр езыгъэжIэкIахэм журналистхэм я упщIэхэм жуэуап ираташ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

● Атлетикэ псынщIэ

Ласицкене Лондон щытокIуэ

Лъагэу дэлъеинымкIэ зыбжанэрэ дунейпсо чемпион Ласицкене (Кучинэ) Марие Лондон щекIуэкIа Налкъутналмэс лигэм къыкIэлъыкIуэ Iыхьэм текIуэныгъэр къыщIихьащ.

ЗэРЫЩIМЫГУЪАУЭ, иджырей зэхьэзэхуэм Ласицкене Марие ныкъуэкъуэгъу жыджэр кьыхуэхъуащ Италием щыщ Воллонтигарэ Еленэ. СпортсменитIри тынш дыдэу самтимерит 195-м нэсащ. Марие япэ бгъэдыхьэгъуэм абы щхьэпрылъащ, Еленэ ар кьыщIэзэринэкIар етIуанэ дэлъеигъуэрщ. Зэпеуэм кьыхэнар я тIурати, самтиметр 198-р дагъэхуащ. Валлонтигарэ и щхьэзакъуэ рекордыр зэрыхъур самтиметри 196-рэт. Метриті лъагагъыр Марие етIуанэ дэлъеигъуэкIэ кьызэринэкIащ, итальян спортсменкэр ещанэ бгъэдыхьэгъуэм абы пэлъэщащ икIи и рекордыр иригъэфIэкIуащ.

КъыкIэлъыкIуэу тIури самтиметр 202-м щхьэпрылъащ: Ласицкене етIуанэ дэлъеигъуэкIэ, Валлонтигарэ - ещанэкIэ. ЛъагапIэр самтиметр 204 нэс яIэтащ икIи Марие япэ дэлъеигъуэкIэ ар щхьэзринэкIащ, мы лъэхъэнэм игъэува дунейпсо рекордым кьытригъэззэжу. Воллонтигарэ Еленэ тIэунейрэ абы щыпэмылъэщым и гугъэр хихьэжри, адэкIэ зэхьэзэхуэм кьыхэкIащ.

Самтиметр 208-м трагъэувэну Марие судьяхэм елъэIуа щхьэкIэ, Урысейм и рекордым щхьэпрылъыфакъым. Зэхьэзэхуэм Ласицкене япэ увыпIэр (метри 2,04-рэ) щиубыдащ. Воллонтигарэ Еленэ етIуанэщ (метри 2,02-рэ), США-м кьикIа Каннингхэм Вашти ещанэщ (метр 1,91-рэ).

Фигу кьэдгъэкIыжьыну, иджырей зэхьэзэхуэм и пэ махуитIкIэ ди лъэпкъэгъуэ щытекIуащ Къэзан щекIуэкIа Урысейпсо зэхьэзэхуэм. Абы кьызэринэкIащ метри 2 лъагагъыр.

Ласицкене Мариерэ Воллонтигарэ Еленэрэ кьыкIэлъыкIуэу щызэхуэзэнущ атлетикэ псынщIэмкIэ Европэм и чемпионату Берлин щекIуэкIынум.

ЖЬЫЛАСЭ Замир.

● Кавказ джэгухэр

ЩIыналъэ зэпеуэм пашэхэр щызэхокI

Бахъсэн районым наIуэ щыхъущ «Кавказ джэгухэм» я щIыналъэ зэпеуэм щытекIуахэр. Къубэ-Тэбэ къуажэм спорт лIэужьыгъуитхумкIэ щызэхьэзэхуащ спортсмен 50-м щIигъу.

КIапсэм дэпщеинымкIэ зэпеуэм нэхъ жыджэру къыщыщIэкIащ Къыбыкъуэ Арсен (Къубэ-Тэбэ), троеборьем щытекIуащ Псэун Астемир (Ислъэмей), хьэлъэ гъэIэпхъуэнымкIэ нэхъ лъэщащ Къэбардэ Мурат (Ислъэмей). Хьэлъэр къэIэтыныкIэ нэхъ лъэрыгъэхъэт Бажэ Бесльэн (Куба) - килограмм 50 зи хьэлъагъ гырэр абы 40-рэ дридзеящ. КIапсэшхэкIэ зэпекъунымкIэ зэхьэзэхуэм Ислъэмей къуажэм къикIа Мурат щытекIуащ. Хэгъэрейкэр етIуанэщ, Бахъсэнёнкэ щыщхэр ещанэ хъуащ.

Зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ кьыщыхэжаныкIахэмрэ Бахъсэн щIыналъэ администрацэм и спорт комитетым кьыыбгъэдэкI грамотэхэмрэ медалхэмрэ ираташ. Иджы ахэр хэтынущ «Кавказ джэгухэм» я республикэпсо зэпеуэм.

КЪЭХЪУН Бэч.

● Футбол

«Тэрчым» бэнэныгъэр къызэщIигъэплъэжыну?

Ди республикэм футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм къыщыхагъэщIащ зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыIыгъ Бахъсэн и «Автозапчасть»-р. Абы зэпеуэр къызэщIигъэплъэжьыфынущ.

«АВТОЗАПЧАСТЬ»-мрэ «Тэрчымрэ» нэгъабэ лъандэрэ зэныкъуэкъуэгъу лъэщщ. Ахэращ республикэм и кубокым и финалым щызэдэжьэгъари чемпионатым и дыщэ медалхэм ириэныкъуэкъуэри. ТIум щыгъуэми бахъсэндэсхэм я насыпэ къикIащ. Ар я хьэрхуэрэгъу нэхъыщхьэм щыгъупща хуэдэкъым икIи щэбэт кIуам абыхэм я зэпэщIэтыныгъэр я Iуэхум щыхьэт тохьуэ.

Командхэр Бахъсэн къалэм щызэIущIа пэтми, ДжылахъстэнёмкIэ къикIаехэрат джэгупIэ губгъуэм щыхэгъэрейр. КIэух бжыгъэри абы щыхьэт техьуащ - «Тэрчым» хуэдищкIэ нэхъыбэрэ чемпионым и гъуэм топхэр дигъэкIащ.

«Автозапчасть»-р къызэрыхагъэщIам игъэгушхуащ зэхьэзэхуэм и пашэныгъэм щIэбэн адрейхэр. Апхуэдэу «Ислъэмейр» «Щэрджэсым» ефIэкIащ, «Налшыкым» «ЛогоВАЗ»-р зэхикъутащ. «Тэрчри» медалхэм зэрыщIэбэныным шэч хэлъкъым.

Иужьрей джэгугъуитым зэкIэлъхьэжьу щытекIуащ «Керт»-р. Иджы абы Нартан къуажэм хэгъэрейхэр щыкиргъэщIащ. КъызэтрагъэувыIэфыну пIэрэ къэхуэндэсхэр щэбэтым къахуеблагъэну «Автозапчасть»-м и футболистхэм? Ар хуабжьу зэIущIэ хьэлэмэт зэрыхъунур наIуэщ.

Гуащхьауэхэм я зэпеуэр зэрекIуэкIым зэхъуэкIыныгъэ къыщыхъуащ: «Псыкуэдым» и пашэ Бэчбо Мурат бжьыпэр иIыгащ, «Малка»-м щыджэгу ШащIэ Бесльэн абы кIэщIу яужь къитащ.

АдэкIэ щыгъуазэ фыхуэтщIынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и чемпионатым и зи чэзу джэгугъуэм кърикIуа бжыгъэжьм. Мис ахэр: «**Налшык**» (Налшык) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **8:1**, «**ХьэтIохъущыкъуей**» (ХьэтIохъущыкъуей) - «**Псыкуэдж**» (Псыкуэд) - **5:2**, «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Тэрч**» (Тэрч) - **1:3**, «**Къундетей**» (Шэрджэм) - «**Союз**» (Сэрмакъ) - **5:3**, «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - «**Ислъэмей**» (Ислъэмей) - **1:3**, «**Нарт**» (Нарткъалэ) - «**Бедик**» (Арщыдан) - **2:5**, «**Нартан**» (Нартан) - «**Керт**» (Къэхъун) - **2:3**, «**Родник**» (Псынэдахэ) - «**Малка**» (Малкэ) - **1:3**.

Зэхьэзэхуэм и кьыкIэлъыкIуэ джэгугъуэм щызэIущIэнущ «Керт» - «Автозапчасть», «Ислъэмей» - «Тэрч», «Малка» - «Налшык», «Союз» - «Нартан», «ЛогоВАЗ» - «Нарт», «Бедик» - «Къундетей», «Шэрджэс» - «ХьэтIохъущыкъуей», «Псыкуэд» - «Родник» командхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкIэ и гуп нэхъыщхьэм 2018 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекIуэкIыр

	Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФI.	Т.	О.
1.	«Автозапчасть»	17	14	1	2	65-20	43
2.	«Ислъэмей»	17	12	2	3	47-23	38
3.	«Налшык»	17	11	2	4	51-26	35
4.	«Тэрч»	17	11	2	4	37-23	35
5.	«Малка»	17	8	3	6	46-37	27
6.	«ХьэтIохъущыкъуей»	17	8	3	6	38-37	27
7.	«Союз»	17	7	4	6	47-49	25
8.	«Родник»	17	7	3	7	35-38	24
9.	«Керт»	17	7	2	8	35-34	23
10.	«ЛогоВАЗ»	17	7	1	9	32-49	23
11.	«Псыкуэд»	17	7	1	9	53-58	22
12.	«Нартан»	17	6	2	9	29-42	20
13.	«Нарт»	17	4	4	9	33-42	16
14.	«Къундетей»	17	4	2	11	32-52	14
15.	«Бедик»	17	4	1	12	35-57	13
16.	«Шэрджэс»	17	2	1	14	16-47	7

Мы махуэхэм

Шыщхьэуум и 11, *щIэбэт*

♦УФ-м щагъэлъапIэ Физкультурникым и махуэр

♦1845 гъэм Урысейм щыяпэу Петербург щащIащ бахъэкIэ лажьэ мафIэгур. Ар трагъэувауэ щытащ Петербургрэ Москварэ зэпызыщIэ гуэрыгъуэгум.

♦1928 гъэм Москва къыщыIэлъахащ Ялэ союзпсо спартакиадэр.

♦1959 гъэм Москва къыщыIэлъахащ «Шереметьево» аэропортыр. Абы япэу къыщетIысэхащ Ленинград къилъэтыкIа Ту-104 кхъухьлъатэр.

♦1973 гъэм СССР-м и телевиденэ нэхъыщхьэм игъэлъэгъуэн щIидзащ серие куэд хъу «Семнадцать мгновений весны» фильмыр. Семёнов Юлиан и повестыр и лъабжьэр ар игъэуват Лиозновэ Татьянэ.

♦1979 гъэм Днепродзержинск къалэм пэмыжьыжьэу узгум щызэжьэхуэщ Ту-134 кхъухьлъатитI. Абыхэм иса цIыхуи 178-р иукIащ, Ташкент къалэм и «Пахтакор» командэм щыщ футболист 17-ри абыхэм яхэту.

♦КъБР-м и цIыхубэ артист, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къаздохъу Султан** къызэралъхурэ илъэс 84-рэ ирокъу.

♦Пакистаным и президенту щыта **Мушарраф Первез** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, РАЕН-м и член-корреспондент, КъБР-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Елгъэр Анатолий** и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Дзыхьмыщ Иринэ** къыщалъхуа махуэщ.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхыныщ. Хуабэр махуэм градус 14 - 15 щыхъунущ.

Шыщхьэуум и 12, *тхьэмахуэ*

♦ЩIалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ Каспий тенджызым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Дзэ-Хьэуа Къарухэм я махуэщ

♦УФ-ми, СССР-м хьыхьэу щыта республикэхэм ящыщ зыбжанэми щагъэлъапIэ Iуху кIуам и махуэр

♦1851 гъэм США-м щыщ дэрбзэр Зингер Исаак Iэрыгъадэ машинэщIэ къигупсысащ. Махуэ 11 кьудейкIэщ ар зэрелIэлIар иужькIэ езыр дуней псом цIэрыIуэ щызыщIа, и цIэр зезыхьэ а Iэмэпсымэр зэпкърилъхьэным.

♦1865 гъэм Инджылызым щыщ хирург Листер Джозеф операцэ зэрищIэ Iэмэпсымэхэмрэ и Iэхэмрэ микробхэр кIэригъэкъэбзыкIым щхьэкIэ япэу къигъэсэбэпауэ щытащ фенол (карболовая кислота) жыхуаIэр. Операцэ нэужьым уIэгъэхэр е екIуэрэ илыкIхэм я бжыгъэр абы и фIыгъэкIэ хуэдищкIэ нэхъ мащIэ хъуауэ щытащ.

♦1953 гъэм СССР-м дунейм щыяпэу водороднэ бомбэ игъэунэхуащ.

♦1981 гъэм IВМ компанием къыщIигъэкIащ цIыхум здыхуейм деж щигъэуву кьигъэсэбэпыным тещIыхьа компьютерыр.

♦1985 гъэм «Японием и авиалинэхэм» я «Боинг-747» кхъухьлъатэр Оцутакэ бгым жьэхэуащ. А гуэзвэгъуэм цIыху 520-рэ хэкIуэдат, 4-р кьелат. Кхъухьлъатэ кьехуэхьу апхуэдизу цIыху зэуэ щыхэкIуэда абы фIэкIа кхъхъуатэ-къым.

♦2000 гъэм Баренц тенджызым щыщIильэфащ «Курск» псыщIагъырыкIуэ кхъухьыр. Абы иса цIыхуи 118-ри хэкIуэдащ.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бырхьэм Михаил** къызэралъхурэ илъэс 88-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакIуэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдзэу щыта, УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ **Тыркуин Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 74-рэ ирокъу.

♦Франджым и президенту щыта **Олланд Франсуа** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ, уэшх къыщешхыныщ. Хуабэр махуэм градус 18 - 19, жэщым градус 14 - 15 щыхъунущ.

Шыщхьэуум и 13, *блыщхьэ*

♦Зи Iэ сэмэгур нэхъ зыгъэшэрыуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦1913 гъэм Шеффилд (Инджылыз) дунейм щыяпэу щагъэващ мыуплий гъущI лIэужьыгъуэр.

♦1928 гъэм Лондон дунейм щыяпэу телевизоркIэ къыщагъэлъагъуэу хуежьащ щхъуэкIэплъыкIэу траха нэтынхэр.

♦1942 гъэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъэм фашистхэм я бийуэ пэкIу ирагъэкIуэкIащ.

♦1961 гъэм Берлин ухуэн щыщIадзащ кьалэр тIуу зыгуэш блыныр. ГДР-м икIыуэ ФРГ-м Iэпхъуэ цIыхухэм я бжыгъэр зы илъэсым нэхърэ кьыкIэлъыкIуэм нэхъыбэ зэрыхъум кьыхэкIыу кьарагъэжьат ар. Блын-гунапкъэр щытащ 1989 гъэм щэкIуэгъуэм и 9 пщIондэ.

♦2004 гъэм Афины кьалэм (Алыдж) къыщызэIуахащ XXVIII гъэмахуэ Олимп джэгуэр. Дзюдо спорт лIэужьыгъуэмкIэ зэпеуэхэм я дежь абы жэз медаль кьыщихьат ди республикэм щыщ Тау Хьэсэнбий, КъШР-м икIа Хьарачэ Мурати апхуэдэ дыдэ екъулIэныгъэ зыригъэхьат боксымкIэ.

♦Кубэм щыщ политик цIэрыIуэ, 1959 - 2008 гъэхэм а къэралым и унафэщIу щыта **Кастрэ Фидель** къызэралъхурэ илъэс 92-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-м щIэныгъэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **ТхьэкIушынэ Нухь** къызэралъхурэ илъэси 110-рэ ирокъу.

♦Радиом и диктору илъэс куэдкIэ лэжьа, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ **Безрокъуэ Хужь** къызэралъхурэ илъэси 103-рэ ирокъу.

♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Бэгъуэтыж Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Химие щIэныгъэхэм я доктор, профессор, ЦIДАА-м и академик **Мэшыкъуэ Нуралий** и ныбжьыр илъэс 71-рэ ирокъу.

♦КъБР-м физкультурэмрэ спортымкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ, УФ-м и кьуажэ Iэтащхьэ нэхъыфIхэм ящыщу кьалъыта **Къунижь Хьачим** и ныбжьыр илъэс 66-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм, КъБР-м, КъШР-м щIыхь зиIэ я артист, оперэ уэрэджыакIуэхэм Пуччини и щIэкIэ Милан (Италие) щрагъэкIуэкIа зэпеуэм и финалисту щыта **Талиэ Алий** и ныбжьыр илъэс 55-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Тереховэ Аннэ** и ныбжьыр илъэс 51-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты-кIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхыныщ. Хуабэр махуэм градус 19 - 20, жэщым градус 14 - 16 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Фыз бзаджэ нэпсрыгуащIэщ.

● Гу зылъытапхъэ

ПщIэ зыхуэтщI щакIуэхэ!

КъБР-м ЩIым и гъэтIылъыгъэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм 2018 гъэм бадзэуэгъуэм и 10-м къыдигъэкIа унафэ № 245/ОДМ-м ипкъ иткIэ 2018-2019 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэкIуэгъуэ зэманыр къыщыдзэIуэх:

- къуалэбзухэм щещакIуэ хъунущ 2018 гъэм и шыщхьэуIум и етIуанэ щэбэтым (шыщхьэуIум и 11-м) къыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 31-р нэсыху;

- хьэжьабжэхэм 2018 гъэм фокIадэм и 15-м къыщыщIэдзауэ 2019 гъэм мазаем и 28-м нэсыху;

- тхьэкIумэкIыхьхьым 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м къыщыщIэдзауэ 2019 гъэм щыщыщIэм и 31-р нэсыху;

- мэз бжэным 2018 гъэм щыщхьэуIум и 1-м къыщыщIэдзауэ 2018 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м нэсыху;

- мэзыкхъуэм 2018 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м щыщIэдзауэ 2018 гъэм дыгъэгъазэм и 31-м нэсыху.

ФыщыкIуэн папщIэ фиIэн хуейщ мыпхуэдэ тхьилъэр:

- псомя я дежкIи зэхуэдэ федеральнэ щакIуэ билет;

- къащакIуэ псэущхьэхэм ещэкIуэну хуит зыщI тхьилъ;

- зэрыщакIуэ Iэщэ яхъумэну икIи зэрахьэну хуит зыщI тхьилъ.

ЩэкIуэну хуит зыщI тхьилъыр къезытыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЩIым и гъэтIылъыгъэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм ЩэущхьэхэрэхъумэнымкIэ, федеральнэ кIэлъыплъыныгъэмрэ къащакIу псэущхьэхэр зэгъэзэхуэнымкIэ, ахэр щыпсэу щыIпIэхэм хуэсакъыныкIэ и департаментырыц, ХэщIапIэр: Налшык къалэ, Балъкъэр уэрам, 102, 1-нэ къат, т. 8(8662)-74-04-71.

ЩэкIуэну хуит зыщI тхьилъыр щэкIуэгъуэ зэманыр зэриухрэ махуэ 20-м къыриубыдэу ираташ ар къезыта Iуэхущ1апIэм.

ДыныволъэIу фыщыщакIуэкIэ УФ-м ЩIым и гъэтIылъыгъэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм 2010 гъэм щэкIуэгъуэм и 16-м къыдигъэкIа унафэ №512-мкIэ игъэбелджьына хабзэхэм фытетыну.

ЩэкIуэнымкIэ департамент.

Адыгэм и хъугъуэфІыгъуэр Тыркум щагъэлъагъуэ

● Лъэпкъ Іуэху



ТЫРКУМ ис адыгэхэм я лъэпкъ зэхэщыкІымрэ адыгагъэмрэ зэрахъумэжым и зы Іэмалщ щыналъэ зэмылІэужьыгьуэхэм гъэ къэс щэнхабзэ фестивалхэр къызэрыщызэрагъэпэщыр, бзэм, хабзэм, къуэшым хуэзэша зэлъэпкъэгъуэхэр зэхыхьэурэ пшынальэр зэбгэкІ пшыхьхэм зэрыхэтыр.

Мызыгуэгум Адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я дунейпсо фестиваль щызэхашат джылахъстэнейкэр нэхъыбзу зэрыс Мараш вилайетым. Вилайетым и къалащхьэр ЛІыхъужьыцІэ зезыхьэ Кахраманмараш къалэращ. Абы адыгэ унагъуэ 1500-рэ хуэдизу дэсщ. Адыгэхэм я лъахэу къалъытэ Гёксун къалэм щуажэ 50-м щІигъу хуэдизу къедзащ. Абы щыщу 23-р адыгэ жылэщ, адыгэцІэ зезыхьэхэри яхэту - Къаншууей, Инарыкъуей, Индрей, Астэмрей, Мэргъущей, ХьэпцІей, Ботэщей, Хьэзиз и къуажэ, Къуажэкіэ, Къарэахьмэд, Анзорей Ипщэ, Анзорей Ищхьэрэ. А бжыгъэм хохьэ абэзэх къуажэиплІрэ зы убых жылэрэ. КъищынэмыщІауэ, дагъыстэн къуажитІрэ зы шэшэн къуажэрэ гъунэгъущи, зэкъуэш хуэдэу зэбгъэдэтщ, я бзэр зырызми, я щэнхабзэр зыщ, зы Хасэ йокІуалІэ.

Иджыпсту зи ныбжь хэкІуэтахэращ а щІыпІэм нэхъ исыр, зи щІалэгъуэхэр къалэшхуэхэм Іэпхъуауэ Іуэху щащІэ, гъэмахуэм къызэхуоскъри, я жылэжь зэманыр щагъакІуэ. Ди лъэпкъэгъуэхэр апхуэдэу зэрызэбгрыкІар зыкІи сэбэп хуащ, адыгэр зи щІысыр нэгуэщІ лъэпкъхэм кърагъэщІыхащ, ядэлажьэми ядэгъэгугъыкІуэми. Пэжщ, ди жагъуэ зэрыхъущи, а илъэс 30-м къриубыдэу, адыгэхэм я бзэр нэхъ яІэщІэхуащ, лъэпкъ хабзэм нэхъ пэІэщІэ хуурэ макІуэ. Мис апхуэдэ щыщІэныгъэхэр ягъэзэкІуэжьын мурадкІэ, гъэмахуэм, щІыхуэм я зыгъэпсэкугъуэм, фестивалхэр зэхашэ.

Тыркум щыпсэу джылахъстэней адыгэхэм иджы 13-нэу къызэрагъэпэща мы фестивалым ирагъэблэгъащ «Иорданием и щхьэхуитыныгъэ», «Иорданием и вагъуэ» орденхэм я япэ нагъыщэхэр, «Адыгеймэ и щІыхь» дыщэ медалыр, «Адыгэ лъэпкъым и хъугъуэфІыгъуэ» цІэ лъапІэр зезыхьэ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблыр. Мы гъэм зи илъэс 85-р зыгъэлъапІэ къэфакІуэ гупыр япэу хьихьэтэкъым хэхэс адыгэхэм, и зэфІэкІрэ гуащІэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр ди хэкум и мызакъуэу, къэрал куэдым щызыІэта ансамблым Тыркум исхэр къыпэплъэрт, утыкъушхуэм иту ялъагъуным я нэр къыхуикІыу.

Хэкужьым икІа лІыкІуэ гупым я пашэ, �къБР-м щэнхабзэмкІэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ГТРК-м и унафэщІ **Битокъу Владимир**, «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым и художественнэ унафэщІ **Атэбий Игорь**, балетмейстер нэхъыщхьэ **Битокъу Аслъэнбэч**, къэфакІуэхэм, уэрэджэщІакІуэхэм, актёрхэм гуапэу къапежьащ джылахъстэнейкэр икІи япэ махуэм хьэщІэхэр Мараш къалэм и унафэщІ нэхъыщхьэ **Еркоч Фатихь Мехмет** иригъэблэгащ. Министрыщэм къалэ тхьэмадэмрэ зэІущІэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ Мараш вилайетымрэ я щэнхабзэ зэпыщІэныгъэхэр ирагъэфІэкІуэн, хэхэс адыгэхэмрэ хэкурысхэмрэ я зэкъуэшыныгъэм зегъэужьын зэрыхуейм.

- Тыркухэмрэ щэрджэсхэмрэ я хабзэхэмрэ щэнхабзэмрэ зэтехуэркъым, ауэ лъэныкъуитІыр зэрыцІыхумэ, фІы фІэкІа къыпэкІуэнукъым. Ди гуапэщ мыпхуэдэ гуп дахэ къафщэу ди лъахэ фыкъызэрихьар, фи къуэшхэр вгъэгушхуэну мурад зэрыфищІар, - жиІащ Фатихь Мехмет.

Фестивалым и къызэгъэпэщакІуэхэмрэ къалэ унафэщІымрэ я жэрдэмкІэ, а махуэ дыдэм Мараш и къалэкум концерт щитащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым. Ди щІалэ уардэхэм, пащащэ зэкІужхэм, адыгэ фащэм, лъэпкъ пшынальэм къеплъыну хуей къалэдэсхэр куэду къыщызэхуэсат утыку нэхъыщхьэм. Мараш хьэщІэ зэриІэр, Адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я дунейпсо фестивалым хэтыну адыгэхэм я шыфэлІыфэр, къэфэкІэр, уэрэд жьІэкІэр ягъэлъагъуэн хуейуэ арати, къхуэхьлъатэм къикІа къудей къэфакІуэхэр къимыкІуэту къалэ утыкур ягъэбжьыфІащ. Абы къэкІащ езы Еркоч Фатихь Мехмети икІи псалъэ гуапэкІэ хьэщІэхэм захуигъэзащ, и лъэпкъэгъуэхэми ди хъыбар ящриІащ.

Дыгъэм и тІысыжьгъуэмрэ пщыхъэщхьэм къыкъуэуа акъужьымрэ я фІыгъуэ дыдэт концертыр зытехуари, къалэ утыкумрэ уэрамымрэ яуфэбгъуауэ тыркухэмрэ марашдэс адыгэхэмрэ ди къэфакІуэхэм гукІэ къадэфэрт, Іэгуауэ ин хуалэтырт. Пшапэ зэхэуэгъуэм ияха концертыр мащІэрэ Іэфіу жьхуиІэм хуэдэ хъуат, хъыбар жьжьэу зэхэзыха цІыхухэр иджыри къекІуалІэрт, телефонхэр зэІэпахыу сурэт трахырт.

ЕтІуанэ махуэм Гёксун щыналъэм и джылахъстэнейхэм дахьхьащ, абы я унафэщІхэр зэдгъэцІыхуащ. Къыхэгъэщыпхъэщ тыркухэр хьэщІэхуэфІу зэрыщытыр, я лъахэ къихьахэм фІэхъусклэ Іэмал имыІэу зэрыпежьэр. Апхуэдэу ди гупыр иригъэблэгащ Гёксун къалэм и тхьэмадэ **Айдын Хъусеин Джошкун**. Абы къыхигъэщащ тыркухэмрэ шэрджэсхэмрэ куэд щІауэ зэгурыІуэу зэрызэдэпсэур, ди лъэпкъэгъуэхэм пщІэшхуэ къызэрыхуащІыр.

- Фестивалым, шэч хэмылъу, зи хэкужь пэІэщІэу псэу фи лъэпкъэгъуэхэм я дежкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ, - жиІащ Хъусеин Джошкун. - Абы къыщинэмыщІауэ, мыр лъахэ зыхуэхъуа шэрджэсхэмрэ дэрэ ди щэнхабзэхэр зэгъусэу къыщызэдэгъуэгурыкІуэкІэ, абы фы къыпэкІуэн хуейщ. Лъэпкъым дежкІэ щэнхабзэм иІэ мыхьэнэр фІыуэ къыдгурыІуэу адыгэхэм зэрызащІэдгъэкъуэным иужь дитщ, мыпхуэдэ фестивалхэр къыщрахьэжьам деж зэрытхузэфІэкІкІэ дадоІэпыкъу.

Хъусеин Джошкун ди пашэу адэкІэ деблэгъащ Тырку Республикэм и Правительствэм и лІыкІуэу Гёксун щыналъэм щыІэ **Айдын Хъусеин** деж. ЩІалэщІэми жиІащ Кавказым къикІа лъэпкъхэмрэ тыркухэмрэ ныбжьэгъуэгъэкІи благъагъэкІи зэпыщІауэ къызэрекІуэкІыр, сыт хуэдэ Іуэху къаІэтми, я гуапэу зэрыдаІыгъыр. «Сэ адыгэ ныбжьэгъу куэд сиІэщ, сызэрыцІыкІури сакъыдэхъущ, абы папщІэ пщІэ лей яхузощІ фи къуэшхэм», - жиІащ Хъусеин.

Къумахуэ Мухьэдин и псалъэм къыхигъэщащ къызэрагъэпэща Іуэхум дахагърэ гуапагърэ халъхьэну я мураду тырку щыналъэм къызэреблэгъар, зэкъуэшхэм я зэпыщІэныгъэр нэхъри ягъэбыдэну зэрафІэмгъуэр.

А махуэм «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым концерт мыин щитащ Гёксун къэрал университетым и пэшышхуэм. Абы къеблэгъат джылахъстэней къуажэхэм гъэмахуэм къэкІуэжауэ дэсхэри, нэгуэщІ къалэхэм къикІа ди лъэпкъэгъуэхэри. Пшыхьым хэтахэм ящыщщ хэкуми фІыуэ щацІыху, адвокат цІэрыІуэу Истамбыл дэс нэхъыжьыфІ **Тумэ Рэхьми**.

- Сэ сыкъыщалъхуари сыкъыщыхъуари мы щыналъэращ. Истамбыл япэ дыдэу Хасэ щауху эри, иужькІэ дэнэ адыгэ дэсми а лъагъуэм иригъуащ. Абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ еэ ыхэм захъумэжьиныр, къащІэхъуэ щІэблэм адыгэбзэр ирагъэщІэныр. КъищынэмыщІауэ, зэрызэрыцІыхун Іэмалу мис мыпхуэдэ фестивалхэр къагупсысащ. Мы Джылахъстэнейм Хасэ зэрыщауху эр ЩыкІэпшынэм дахэу дежьуу э уэрэдыжь жызыІа, КъБР-м щІыхь зиІэ и артист ХьэхъупащІэ Амырхъани Іэгуауэшхуэ хуалэтащ, уэрэд дахэ къызэхуэсахэр иригъэдэІуащ КъШР-м щыщ Мамхэгъ Инни.

ЖьпІэнуракъэ, джылахъстэнейдэсхэм зэи ящымыгъупщэжьи гурыфІыгъуэкІэ яхуэупсащ а пщыхьэщхьэм къэфакІуэхэри уэрэджэыІакІуэхэри, бэрэбанауэхэри. Зи лъэпкъым, хэкум хуэзэш хэхэсхэм я дежкІэ махуэшхуэ пэлъытэт ар, щІалэгъуалэм я дежкІэ телъыджэт.

- Сэ куэдрэ зэхэсхат «Кабардинка» ансамблым и цІэр, ауэ иджыщ япэу щысІыгъуар, - жеІэ **Жылэхьыж Эрдогъан и къуэ Джанберк** (илъэс 14 и ныбжьщ). - Си адэм и гъусэу щІэх-щІэхьуурэ адыгэ зэхуэсхэм сокІуэ, ауэ нобэ сльэгъуар зэи сщыгъупщэжьинукъым.

- Дэ унагъуэкІэ Истамбыл дыщопсэу, ауэ лъэпкъкІэ джылахъстэнейм дащыщщ, мы щІыпІэращ сэ сыкъыщыщхъуар, - жеІэ Жылэхьыж Эрдогъан. - Дунейм зауэмрэ банэмрэ игъэувыІэфыну зы Іэмал щыІэщ, ар къафэщ, джэгуц, фестивалщ. ЦІыхум и гум фІыльагъуныгъэ къыщыдгъэушын щхьэкІэ дызыхуэныкъуэри аращ, мис мыпхуэдэ зэхэтыкІэ екІущ. Сыт нэхъыфІ щыІэ зэкъуэшитІ зэкІэлъыкІуэм нэхъри? Дэ хуабжьу дигъэгушхуащ «Кабардинка»-р къыщэрыхьыхьам. Пэжыр жьпІэмэ, абы и цІэр куэдым идопх дэ, ар ди дежкІэ лъыщ, хэкущ, лъэпкъщ.

Пщыхъуэж зэадэзэкъуэу Мутлурэ Дженаррэ жаІащ Адана къызэрикІар, дэнэ мыпхуэдэ фестивалхэр щыІэми, бламыгъэкІыу зэрыкІуэр.

ЕщанэмахуэмиепщыхьэратщыпІэ зэІухам, зэщІэблэрэ зэщІэпщыпщІэу ягъэува сценэм «Кабардинка»-р къыщытехьэнур. Ар къахуэмыгъэсу пэплъэ цІыхухэр шэджагъуэм къызэхуэсыж щІадзащ. Концертым ипэ къихуэу узэпльын гъунэжт а махуэм. Зы утыкушхуэм щеуэкІат адыгэ хьэпшыпхэмрэ шхыныгъуэхэмрэ зыщэ хьэрычэтыщІэхэр. Илъэси 150-м щІигъуауэ хамэ хэку ис пэтми, адыгэ ІэпщІэлъапщІагъэмрэ Іэпэ Іэсагъэмрэ зэрызыщамыгъэгъупщам и щыхьэтт абдеж щегъэувэкІа шэтырхэр. Абыхэм щащэрт адыгэ кхъуей, щІакхъуэ Іэрыпщ, бзыльхъугъэхэм зэрызагъэщІэращІэ хьэпшыпхэр, щІалэхэм къаГъэсэбэп цІыкІуфэкІухэр, лъэпкъ тхьпхъэщІыпхъэхэр зытет щыгъынхэр, ерыскъы зэмылІэужьыгъуэхэр.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» зэрыт тхьлъ екІур гулъытэншэу къэнакъым. КъыдэзыгъэкІам дыщыщІэупщІэм, ари концертым еплъыну къэкІуауэ къыщІэкІащ. **Щанэ Айчэ** къыджиІащ мыр адыгэ ерыскъым и мызакъуэу, адыгэ тхыдэми зэрытеухуар.

- Тыркум щыхэсэ адыгэхэм адэжь щІэину къызэдахьа ерыскъыхэм я пщэфІыкІэмрэ халъхьэхэмрэ зэхуэсхьсыжьи щІэздзэри, гъэщІэгъуэн куэд къэсщІащ. Ар Адыгэхэм я щыгъуэ махуэм хуэзгъэпсауэ жьпІэ хъунущ. Адыгэхэми нэгъуэщІ лъэпкъ къыхэкІахэми хуабжьу ягу ирихьащ тхылъыр, щІэупщІэ иІэу къыщІэкІри, щэ къыддэзгъэкІын хуей хуащ. Уеблэмэ тырку телевиденэм сраГъэблагъэуэрэ сытрагъэпсэлъыхь, и пщэфІыкІэр къызэгъэпльагъуэ. Мы-бы итхэр адыгэ къуажэхэм, хасэхэм щызэхуэсхьсащ, Иорданием сыщеджати, абы къисхаи яхэтщ. Шхыным и закъуэкъым щіыхухэм я пащхьэ къисхьну си мурадар, дэ езым ди хабзэ, ди бзэ, ди тхыдэ, ди щэнхабзэ, ди хэку дызэриІэжыр къезгъэщІэну яужь ситащ. А псори хэкум дыкъызэрыраухам, хамэ къэралхэм си лъэпкъыр зэрыщызэбгрыдзам еспхыжри, сыкъызызыхэкІам и къекІуэкІыкІар къэсІуэтащ, - жиІащ Айчэ.

Концертым къеблэгъахэм ящыщщ КАФФЕД-м и тхьэмадэ **Хьэгъундокъуэ Яшар**:

- Япэрауэ, хэхэс адыгэхэм къабгъэдэкІыу фІыщІэ яхуэсщІыну сыхуейт щэнхабзэмкІэ министрыр я пашэу хэкум къикІа ди къуэшхэм, - жиІащ Яшар. - Мыпхуэдэ зэхьхьэхэм лъэныкъуитІым щыпсэу зэкъуэшхэр зэхегъэплъэж, зэкІэлъегъакІуэ, нэхъ гъунэгъу зэхуещІ. Дэ нэхъыбэу дызытелажьэр ди бзэр, ди хабзэр тхъумэжыныр аращ. А тІур зэбгъэдэпхынкІэ Іэмал иІэкъым, сыт щхьэкІэ жыпІэмэ, бзэр хабзэм и макъщ. А бзэр тхуэзыгъэІу уэрэдхэр, хабзэр къызыхэщ къафэхэр утыку къыщитхьэкІэ, адыгэм и зэхэщІыкІыр къегъэуш, и адыгагъэр хъумэжын зэрыхуейм къыхуреджэ. Абы ипкъ иткІэ, фестивалхэм ди дежкІэ мыхьэнэшхуэ яІэщ, ар тІуащІэу зыгъэбейр щэнхабзэм и лэжьакІуэ хэкужьым къикІхэрщ.

Адыгэ щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ я дунейпсо фестивалым и пшыхь нэхъыщхьэр зыми хуэмыдэжу дахэу екІуэкІащ, щыху мини 5-м нэблагъэ къриохьэлІауэ. Абы хэтащ тырку къулыкъущІэ куэди. Ахэр къыщыпсалъэм къыхагъэщащ лІащІыгъуэкІэрэ зэфІэуува щэнхабзэ дахэ адыгэхэм зэраІэр, ар фащэ зэкІужкІэ хуэпа къэфакІуэхэм дахэу къызэрагъэлъагъуэр, бгъэкІуэд мыхъун хъугъуэфІыгъуэр я къуэшу къальытэ хэхэс адыгэхэм яхъумэн зэрыхуейр.

А пщыхьэщхьэм щІалэ куданхэмрэ псы хуэм ес къазу узыІуплъэ пщащэ щыкІафІэхэмрэ я утыку итыкІэм адыгэ дадэхэм я нэпс къафЫщІигъэкІырт, сабий къэзымыкІухьыф нэгьунэ я лъэр игъэджэгурт! Адыгэпсэр игъэгумащІэу уэрэдхэр жаІащ Хьэкъул Оксанэ, ХьэхъупащІэ Амырхъан, ХьэхъупащІэ ФатІимэ, Мамхэгъ Иннэ сымэ, усэ кьеджащ Бейтыгъуэн Жамболэт. Концертыр иуха нэужьи, цІыхухэр зэбгрыкІыжьыну хуейтэкъым, къэфакІуэхэри я гъусэу гуп зэрыгъэхъуауэ джэгухэр ящырт, хэхэс гъащІэр зи натІэ хъуахэм я гурыщІэхэр къафэкІэ къаІуатэрт.

Гёксун щекІуэкІа зэхьхьэшхуэм «Кабардинка» ансамблым щигъэлъагъуар адыгэ къафэмрэ пшынальэмрэ я закъуэкъым. Тыркум ис адыгэхэм я пащхьэ къихьа ди лъэфакІуэхэм лъэпкъ хъугъуэфІыгъуэр яІэтащ, зи адэжь лъахэр зрагъэбгына нэхъыжьхэм къатепщыкІыжахэм я зэхэщІыкІыр къигъэушыжу.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.
Налшык - Мараш - Гёксун

● Зы уэрэдым и хъыбар

«Адэхэр мэжей»

Хэку зауэшхуэм теухуа уэрэдхэм ди гъащІэм увыпІэшхуэ щаубыд, сыту жыпІэмэ абы ижь зыщІимыхуа, ар зыльэмыІэса унагъуэ щыІэкъым. Илъэс дапщэ дэкІами, нобэр къыздэсым щІыхубэм ар ящыгъупщакъым. Зауэ гущІэгъунщэм теухуа тхыгъэ уэсэ куэди ятхащ, уэрэдхэри яусащ. Зи гугъу тщІы уэрэдыр и ІэдакъэщІэкщІ уэрэдус, макъамэтх Щомахуэ Хьэсэнбий.

- Си гъащІэм къыщымыхъуарэ си нэгу щІэмыкІарэ сэ зэи стхыкъым, - жеІэ Хьэсэнбий. - Мы уэрэдми лъабжьэ хуэхъуар си гъащІэм и зы Іыхьэ нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщщ. Сэ зэи си адэр слъэгъуакъым - ныбэм силъу ар зауэм кІуэри къигъэззэжакъым. МащІэ гугъуехьрэ бэлыхьрэ ди нэгу щІэкІакъым. Фызабэу къэнахэм я бынхэр яПІын папщІэ ятелъэ хьэзабыр уэрэдкІи усэкІи къыпхуэмыІуэтэжыщ. Зэи сымыпхъэгъуа си адэм, сэ схуэздау къэна псоми я фэеплъу стхащ мы уэрэдыр.

КІУНТІЫЩ - ХЬЭПЦІЭ Аннэ,
КъБР-м щІыхь зиІэ и журналист.

* * *

Адэхэр мэжейхэр, щымхэщ ахэр,
Адэхэр сурэткІэ фІэкІ тлъэгъуакъым,
Адэхэм я гъащІэр щытщІатам,
Фэеплъ зэ Іуплъэгъуи къытухэнакъым.

Ежьу:
Дапщэ дыхьэрэ адэм Іумыплъэхэу
Хъыбаршнэу зауэм зыфІихьар?
Зэ Іуплъэгъуэ закъуи зи нэджыджхэм
Темыльхьхэр нобэр къыздэсам.
Адэхэр мэжей,
Адэхэр мэжей.

Удз гъэгъа нэхъ мыхъуми, фэ фи кхъащьхэр
ЗдэщыІэр тщІатэм, нытетлъхьэнт,
Дэнэ щыпІэ фэ щыфтами фи псэр
ТщІатэм, гум фэеплъу щызетхьэнт.

Ежьу

Фэ фи напэр яхъумащ щхьэгъусэу
Нобэм къэскІэ фэ къыфпэплъэу щысхэм.
Фэ фи лъагъуныгъэрщ тхуащІыр гъусэу
Фэ фи ужькІэ къалъужа фи бынхэм.

Ежьу

Фи гугъапІэхэр щопсэур дигу лъащІэм,
Фи фэеплъщ ди нобэм тепсэ дыгъэр,
Адэхэ, фыщІыгъуэхщ фэ ди гъащІэм,
Къуздгъэхьэнкъымфэеплъ тхуэфщІа дыгъэр.

Ежьу



Агънокъуэ Лашэрэ шу мыщІыхумрэ

Хъыбар

Еуэри, бжьыхьэ махуэ гуэру Агънокъуэ Лашэ зекІуэ ежьэну мурад ещІ, щыІмахуэ гъуэмыли ззэгъэпщынщ, си лІыгъэри здынэсыр згъэунэхужынщ жеІэри. Къуущхэхъу щІыпІэхэм нэсауэ мэлыхьэу пщыІэ щрихьлІэм, мэл къидыгъуну игу ирелъхьэ. АрщхэкІэ, сыт хуэдэ Іэмал хуеІуами, мэлыхъуэхьэм уэтэрым гъунэгъу бгъэдагъэхьакъым.

Къэжьэжауэ къыздэкІуэжым, зы шу ирихьэлІэри зэгъэщІэувващ. Агънокъуэ къригъэкІуэтащ икІи жэщ кІыфІым губгъуэжьым щищІэр жиІэну къыпиубыдащ.

- Си унагъуэм езгъэшхын щІымахуэ ерыскъы ззэгъэпэщыну сыкъэжьати, ар къызэмыхъулІауэ сокІуэж, - жиІащ Лашэ.

ДжэгуакІуэр зыхуэзэ шуми апхуэдэ мурадт иІэу къежьати, Агънокъуэр гъусэ ещІри мэлыхьуэ пщыІэмкІэ яунэтІ.

- Иджы къызэдаІуэ, - жиІащ шум, Лашэ зыхуигъазэри. - Уэ уэтэрым гъунэгъу зыхуумыщІыщІэу зы пльэнкъуэ убыди абыкІэ екІуэкІ. Мэлыхьуэхьэр уи ужь ниувэнщ. АпщІондэхуКІэ сэ тІуми дрикъун мэл хъушм къыпыскунщи, нетІэ дыщызэхуэза щІыпІэм дыщыздэрихьэлІэжьынщ.

ЗэрызэгурыІуам хуэдэу я Іуэхур къехъулІащ. Лашэ мэл хъушм ялэ ипу, шу мыщІыхур яужь иту нэху къатемыщхьэу жьылэм къэсыжащ.

- Фи унэм ныІухьэ, - жиІащ шум. - Щхьэж къыпысыр абы щыдгъэщыжынщ.

ЗэхуэдитІ ящІри, шум и Іыхьэр къыдихри ерыкъэжащ.

«Апхуэдэ лІыгъэ къызыкъуэкІар хэтхэ ейми къэзмыщІауэ сымыгъуэлъыжьын», - жиІащ Агънокъуэми абы и ужь иувващ. КъуэжэкІэм нэсри, шум мэлыр дихуэри пщІантІэм дыхьэжащ. Агънокъуэр зэщІэувыжыкІащ: а унагъуэм щІыхуэу истэкъым. ПщІантІэм дэпІымэ, иІъагъур гъэщІэгъуэнт: мэлыр къэзыхуар зыщІыхьэжа пэшым и уэздыгъэр пигъанэри и пІэр щхьэрихащ... Абы и лъабжьэм щхьэкІыхьышхуэ къыщІэхуащ. Лашэ куэбжэм уври, джащ. ЗанщІэуи къамэр иІыгъыу щІыхубзыр унэм къыщІэувыжыкІащ:

- ЦІыхухъу зыдэмыс пщІантІэм кърикуу къыдыхьэфар хэт? - жиІэри.

Агънокъуэр къыщицІыхужым, ар губжьащ икІи къамэр игъэдалъэу къыбгъэдыхьащ:

- Си напэ техьн уи пщэм дэпІъхьажауэ ара?! Тхьэр си бийщ уи кІэтІийр пльэфу уэрамым удээмыгтІыпщхьэжмэ, - жиІэу.

- Апхуэдэ мурад сиІакъым, - жиІащ Лашэ, къыздэщІар и нэгум къищу. - Уи лІыгъэр згъэщІэгъуат, уи Іэхъу зехьэкІэр сигу дыхьати, ар хэтхэ ейми ззэгъэщІэнщ жысІэри уи ужь сыкъэиувауэ араш.

- Абы щыгъуэм плъэгъуар псори зыщыгъэгъупщэ. Ныщхьэбэ къэхъуам теугъуаущ дунейм зы псальэ къытебгъэхьэнщи, зэгъащІэ, узгъэпсэункъым, - жиІащ цІыхубзым.

Бзылъхугъэр псэуху Агънокъуэм хъыбарыр ибзыщІащ. Ар дунейм ехьжауэ, и дыуэщІи зэхэту цІыхухэм кхъэувэри абы хэлъа лІыгъэмрэ гуащІэмрэ и нигу щІэкІауэ зэрыщытар иІуэтэжащ.

ЦІыхубзэр хэтхэ ей жыфІэрэ фыщІэупщІэмэ, ар ЖынжьакІэхэ я нысэт.

Зытхыжар
БЕСЧОКЪУЭ Далымщ.
Лэскэн щІыналъэ, Хьэтуей къуажэ

● Темыркъан Юрий и илъэс

Темыркъан Юрийрэ ХьэІупэ Джэбрэ Іилрэ. *2007 гъэ*

Бжьамий

Темыркъан Юрий деж

Зэхигъэщкъыщкъэу
пІащІыгъуэжьхэр
Мо бгыжьхэм щоІур ежьу гуэр...
Гурымрэ гызу, мэз и щхъуэжьу,
Кьантэлоужьу хъуэпскІыу псэр.

Зэгуэр ежьум бжьамий макъамэ
КъамэзухкІэ пыджэу къизэуар,
Щыгузэвэгъуэм хъужти къамэ,
Макъамэу гызт езыр зэуар.

Утыку ихьамэ, зэІэпахыу
Дыжьын бгырыпхыр щылыдыкІт.
Дэнлъэч и дахэр къэзыуахэм,
Я уагъэм гъыбзи къыхадыкІт...

Дыдж пэтми, гъыбзэм иІэж хабзэр
Бзэщхъуауэ зэи къэмыхъуа!
Гъуащ бжьамий Іупэ зыхурабзэр...
Ежьум сыт бзыпхъэт къилъыхъуар?

Йожьэ ежьур, и ныбжьыр гызу,
Мэзыщхьэ бгыжьхэр ныщІащыкІ.
Къыщыпкі я нэпсым къыхихуу гъуэзым
Мазэм пшэкІухь къыхухащІыкІ.

Бжьамий макъамэр къру дамэм,
Дауи, мо къуршым щхьэпрахт,
Ежьум щІаха бжьамий макъамэм
Щаха и фащэр зэІэпах.

ХЬЭІУПЭ Джэбрэ Іил.

● Псалъэжьхэр

Псым и жапІэр езым къегъуэтыж

♦**Насып зиІэм шыІэ иІэщ.**
♦**Нащэр мыхъунумэ, кІэрэф мэхъу.**
♦**Ныбжьегъуэр бгъасэми, хьэсэр и плъапІэщ.**
♦**Ныбжьэгъуншэр зеиншэ пэлъытэщ.**
♦**Нэгур гум и гъуджэщ.**
♦**ПІалъэ мыщІыр жыжьэщи, пІалъэ щІар къос.**
♦**ПащІэм къимыхьар жьакІэм къихьыныкъым.**
♦**Псалъэ бутІыпщам аркъэн кІэлъымыдзыж.**
♦**Псым и жапІэр езым къегъуэтыж.**
♦**Псым хэлъ пхъэр мэфри, фэм дэлъ гур мэбамПІэ.**
♦**Псым хэхуа гъущэу къыхэкІыжыркъым.**
♦**Псэ зыпыт къупщхьэм лы къытокІэж.**
♦**Псэ зыпыту мышынэ щыІэкъым.**
♦**ПцІыр Іуданэ хужькІэ дытащ.**
♦**Пэжыр къыумыщІэу унафэ тумыщІыхь.**
Пэжыр хущхъуэщ, пцІыр щхъухьщ.

● ГушыІэхэр

Адэкіэ зыри щыІэжкъым

Мусэ зэрыщІыкІуэрэ дрийпсырийт, къуейщІейт. Зы махуэ гуэрым абы и къуейщІеягъым къигъэтэмэкъа и анэм хуэмышэчыжу жеІэ:

- ИкІэщІыпІэкІэ си натІэм урашу армэм уашэну ТхьэМ жиІэ. Уашэми, щІым и гъунэ дыдэу адэкІэ зыри здэщымыІэжым уашэну. Сэри илъэс зыгъкІэ узмыльагъуу зызгъэпсэхунт!

Куэд дэмыкІыу Мусэ дзэм къулыкъу ищІэну яІэри, Чукоткэрэ Аляскэрэ щызэпыльэ щыпІэм и деж къэрал гъунапкъэр ихьумэну ягъэувващ. Мазэ зы-тІу дэкІауэ, Мусэ и анэм письмо къыІэрохьэ суэрти дэлъу.

Къыдихрэ епІымэ, си Мусэу плъагъум и Іэпэр хы лъэныкъуэмкІэ егъэльагъуэ: «Уигу гъэзагъэ, си анэ, адэкІэ зыри щыІэжкъым», - кІэщІэтхат суэртым.

Ахъшэм сытетщ

Ялэ урокыр щІидзэнум къэнэжар дакъикъитхут, захъох Исмэхьил школым и директор Іэубэчыр и дежкІэ телефонкІэ щыпсэлъам.

- Іэубэчыр, уэлэхь, нобэ школым сынэкІуэфыну къыщІэмыкІын.

- Сыт къэхъуар, Исмэхьил? Сыт укъыщІэмыкІуэфынур?

- ПлъагъуркъэІ, Іэубэчыр, ди унагъуэм ахъшэ яфІэкІуэдауэ мэлъыхьуэ.

- А зиунагъэрэ, фи унагъуэм ахъшэ яфІэкІуэдауэ лъыхъуэмэ, уэ сыт абы хэпщІыхьыр?

- А ахъшэм сэ сытетщ, Іэубэчыр!

ДУМЭН Мурадин.

● Къуажэхьэр

ЩІы щІагъым щыбагъуэ

Хадэкэкіхэм я нэхъ хьэлъэ,
Хадэкэкіхэм я нэхъ ин.

Зи лъабжьэр шхынигъуэ,
ЩІы щІагъым щыбагъуэ.

Гъуэжьыбзэу къэгъагъэ,
Хужьыбзэу лъэтэж.

Къуалэбзуэкэм я хэщІапІэ,
ХьэкІэкхъуэкІэм я псэупІэ.

Зи жылэр ерыскъыпхъэ,
Зи жэпкъыр Іусыпхъэ.

ЩхьэкІэ удэсыфэ,
Лъабжьэ дыщафэ.

Зэхэзылъхьар
ЩОДЖЭН Леонидщ.

ЖЭУАПХЭР:
Къэб. Кіэртіоф. Къэрабэдэ. Мэз. Нэрпхуу. Къкьл.

Редактор нэхъыщхьэ
ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:

ЖьэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жылпасэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къаншокъуэ Элэ** (жэуап зыхь секретарь), **Исэпан Залинэ, Къардэм Маритэ, Къумахуэ Астъэн, Нэщэпыдджэ Замирэ, Щхьэщэмыщ Изэ.**

Езыгъэтхэзэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхугъэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъуэмэ Іуэхугъэ Іапэхэм ядэлэжьэныжьмкІэ - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; зэдзэкІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; суэртехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэта Іуэхугъэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхаэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епІыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьыныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэныжьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ.
КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэЗпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэгъэ ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *суэртхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ тралдэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 2.179 ● Заказ №805

Псалъэзэблэдз

ЕкІуэкІыу: **4**. Хэтхэ я унэ ... тес? **6**. Ахъшэ: тхыпъымпІэри ГъущІэкъкІыуи щыІэщ. **9**. Апхуэдизкіэ хьэкІэпыЩи, гу кІуэм ... къыкІэриудыфынущ. **11**. КІыщокъуэ Алим и поэмэ. **12**. Хьэуар пхуримыкъуу, дунейм щихуабэгъуэ зэман. **13**. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхъыщхьэм и унафэщІу, иужькІэ УрысейФедерацэм и Къэзыбж палатэм и Іэтащхьэу щыта. **15**. Лъахъстэн вакъэ пІащІэ. **17**. Зи мылъкум егъэлеяуэ щысхь цІыху. **20**. ЦІыхубз щыгъын. **21**. Къамэ, джатэ, ... **22**. Уэд, лы щІагъуэ зытемыльэ. **25**. Шыр ІумпІадфІэ къызэращІкІапсэшхуэ. **26**. Ящыкъуэ псэущхьэхэм я щІыфэм хищІэ хьэпІащІэ. **32**. Бгы е псы нэпкъ лъагэ, щыхупІэ. **34**. Уафэм къех мыл тыкъыр щыкІу. **35**. ... имыгтмэ, лъакъуэм и мыгуагъэщ. **36**. Ди гъунэгъур щы ... уанэщ. **37**. ПычыгъуитІу зэхэлъ псалъэ: япэр - Іэщ щыкІу, етІуанэр - адыгэ генерал. ТІури зэхэплъхьэжмэ, къуалэбзу. **39**. Бгырыпхыщхь. **41**. Пкъо, щІэгъэкъуэн. **42**. ПтулъкІэм нэгъуэщІу зэреджэ. **44**. Щыхь ин лъэпкъ. Е цІыху къарурсІэ. **45**. Ялэ адыгэ узэщІакІуэхэм яцІыц. Абы и цІэр зэрехьэ Налшык къалэкум и уэрам нэхъыфІкэм ящІщ зым.

Къехьу: **1**. УимыІыхьлы, уимыблагъэ. **2**. Адыгэ пшынауэ щІэрыІуэ, гъэсакІуэ, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхубэ артист» цІэр мы гъэм зыфІаща. **3**. Бразилием щекІуэкІа Дунейпсо олимп зэхьэзэхуэхэм дыжьын медаль къыщІызыхьа адыгэ пелуан. **5**. Нартыхур бгъэльаьлэмэ, къэнэр. **7**. Лъэпц и Іэмэпсымэхэм щыщщ. **8**. ПалъэпІалъэкІэрэ зэхьхьэ бззэр. Налшык Абхъазым и цІэр зэрехьэ щыІэ утыкушхуэм щэбэт, тхьэмахуэ махуэхэм къыщыІэзэрагъэпэщ хабзэщ. **10**. ... пэт зэрыхьэм зыгъэ къренэ. **14**. ЩІыпІэ хуабэхэм хьэлъэзехьэу къыщагъэсэбэп псэущхьэ пІащІ. **16**. Адыгэ уэрэджьыакІуэ Іэзэ, Урысей Федерацэм и цІыхубэ артист. **17**. Анэкъилъхь. **18**. Аруан районым щыщ хуаужэ. **19**. Адыгэ псалъэжьым зэрыжиІэмкІэ, а Іэщ Іагъэм ирилажьэ цІыхум ущытхъумэ, бзыхьэжум джанэ къыпхухищІыкІынущ. **23**. Зэпымыууэ уэс зытелъ бгы абрагъуэхэр. **24**. ПхъащІэ Іэмэпсымэ. **27**. А жыгым и пхъэм тхьылъымпІэ къыхах, мафІэдзи къыхащІыкІ. **28**. Совет Союзым и ЛІыхъужь Иуан ... **29**. Ахърэтым нэгъуэщІу зэреджэ. **31**. ... тесу псым йопыдж. **33**. Жьэражьэу хьэкум ильщ. **37**. Пасэм адыгэм я унащхьэр абыкІэ ягъэбыдэрт. **38**. ЩІыпІэ хуабэхэм къраш пхъэщхьэмыщхьэ. **40**. Гъэмахуэ ... е щымахуэ ... . Е ... джанэ. **41**. Лъагэу зэтекІута гуэр. **43**. Езыр мыльэтэфми, Іэзэу бадзэ къеубыд.

Шыщхьэуіум и 4-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкІуэкІыу: **2**. Жумэрэн. **4**. Удын. **5**. Бру. **6**. Дыгъужь. **8**. Кхъужь. **11**. Егъу. **12**. Урыху. **13**. ПщылІ. **18**. Ныш. **20**. Уэрэзей. **21**. КІыр. **22**. Хугу. **23**. Вы. **24**. Гъудэ. **25**. Бемырэз. **28**. ЩІху. **32**. Епэр. **33**. Шухьэ. **35**. Мы. **37**. Фо. **38**. Кърым. **40**. Лъей. **41**. ІупщІэ. **42**. ЛэпІанкІэ.

Къехьу: **1**. Хьэкъурт. **2**. Жин. **3**. Нэ. **4**. Ужьэ. **7**. Жьей. **9**. Шыхъуэ. **10**. Пщае. **12**. Ущ. **14**. ПІы. **15**. Унагъуэ. **16**. Хьэщыкъ. **17**. Гурыхуэ. **19**. ЩІхуэ. **21**. КІыщ. **26**. Ерэн. **27**. Зауэ. **29**. Яе. **30**. Хьэ. **31**. Къыкъ. **34**. Афэ. **36**. Медан. 39. Мел. 41. Іугъуэ.

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **ДыщэкІ Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэу* **Афэ Тамарэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Азэмэт** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дэЗпыкъуэгъу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и тепІэгъэ ящІащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *суэртхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

● ЖьІэгъуэхэр

Насыпым уелъэпауэмэ...

♦**Ахъшэ куэд зэхуэпхьэс нэхърэ, псапэ нэхъыбэ зэхуэпхьэсэм нэхъыфІщ.**
♦**Бзэгуэхьэм и бзэгум пцІы куэд зрехьэфри, мэгуфІэ.**
♦**ЗызыфІэІеижрэ зызыфІэделэжрэ иджыри къэс щыІакъым.**
♦**Гъэхэр блэкІыурэ уэ уасанэ уи гугъэ щхьэкІэ, уэри уздашэ.**
♦**Насыпым уелъэпауэмэ, и щыІб къыпхуегъаз.**
♦**ЦІыху Іейм и лъэужьыр гъэкІэщхьыжьгъуейщ.**
♦**Уи псалъэр кІэщІрэ купщІэ иІэу упсэлъэфмэ, акъыл тэмэм уиІэщ.**
♦**«Уи анэм жиІэм уемыдзІэуэну Іей дыдэщ, сэ абы сыхущІегъуэжащи, сыІэбзкІэ сылъэІэсыжьыркъым», - жиІэрт быным.**
♦**ЛъагъуныгъэрфомнэхърэнэхъІэфІу жалэ куэдым.**
♦**ЦІыхум яхэмызагъэр щхьэ бжьыгъэм хьуумыбжэмэ хъунущ.**
♦**Ямылейуэдахащхэмбзаджащэ къащыхьэкІи къохьу.**

КІУРАШЫН Алий.
Бахъсэн щІыналъэ, Хьэтіохъущыкъуей къуажэ

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

ТебэкІэ гъэжьа бжэныл гъэгъупцІа, кІэртІоф, бжьын щІэлъу

Бжэныл гъэгъупцІар зэпауд е зэпаупщІ г 40-50 хъу тыкъыр щыкІуурэ, псы хуабэкІэ ятхьэщІ, тебэм иралъхьэ, псы щыІэ щІакІэри, тебащхьэр трапІэ. Хьэзыр хъуху, псыр щІэвщІэху, зэззмызэ зэІащІэурэ мафІэ щабэм тету ягъавэ. Псыр щІэвщІа нэужь къыщІидза дагъэмкІэ дакъикъи 5-8-кІэ, тхъуэпІъ хъуху, зэІащІэурэ ягъажьэ.

КІэртІофыр Іупщ Іэурэ яупщІатэ, шыгъу трагъэщащэ, тІэкІу ягъэжэпхъыжри лы жьэм зэІащІэурэ халъхьэ. Тебащхьэр трапІэри дакъикъи 10-12-кІэ ягъажьэ, зэззмызэ зэІащІэурэ. ИтІанэ бжьныщщхэ упщІэта халъхьэ, пори зэІащІэри, хьэзыр, тхъуэпІъ дахэ хъуху ягъажьэ. Жьэным зы дакъикъэ е тІу фІэкІа имыІэжу шыбжий сыр хьэжа траудэ.

Хьэзыр хъуа лыр пэшъхьэкум къытрах, джэдгъын траудэри тебащхьэр теПІауэ дакъикъи 4-5-кІэ щагъэт. Пщтыру яшх. Дашх пІастэ хуабэ, мырамысэ.

Халъхьэжр (щыхуитІ ныхьэ): бжэныл гъэгъупцІауэ - г 400, кІэртІоф хуэбзауэ - г 100, бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 80, псы щыІэу - г 150, шыгъуу, шыбжийуэ, джэдгыну - уэыхуейм хуэдиз.

Яжьэ пщтыркІэ гъэжьа джэдыкІэ

Ялэм джэдыкІэр яжьэ пщтыркІэ ягъажьэу щытащ. Абы и кІапитІыр сапэкІэ ящІ. Ар пхуэдэ, щыжьэкІэ къэмычэн щхьэкІэ. Апхуэдэу ягъэхьэзыра джэдыкІэр хъыдан псыфым кІуэцІашыхь, яжьэ пщтырым щІахъэмэри жьэку, дакъикъи 10-11-кІэ, щІагъэлъ. Яукъэбзри, пІастэ, щІакхъуэ, мэжаджэ и гъусэу пщтыру яшх, шыгъу траудэрэ.

«Адыгэ шхынигъуэхэр» тхылъым къытхыжащ.